


Coronavirus (COVID-19) Ubufasha mu Gufuba

Ikiza ca COVID-19 carateye umubabaro mwinshi ku miryango myinshi. Muri FEMA, intumbero yacu ni ugufasha abantu imbere, mu bihe canke inyuma y'ivyago. Turafasha mu gutezura imitwaro y'ubutunzi hamwe n'ukumererwa nabi vyatewe n'uno mugera.

FEMA iratanga ubufasha bw'amahera akenerwa mu gufuba abahitanywe n'ikiza ca COVID-19 inyuma y'itariki 20 Nzero, 2020



Ni uburyo buhe bushobora gusubizwa?

Uburorero bw'uburyo bushobora gukoreshwa mu rubanza rwo gufuba burimwo ariko butagarukira kuri:

- Ukwiunguruza kw'abantu batarenga babiri kugira ngo bashobore kuraba ko bazi uwitavye Imana
- Iyunguruzwa ry'ibisigarira nk'inkofero canke isandugu
- Ikibanza co guhambamwo canke co gutuririramwo uwitavye Imana
- Ivyandiko canke ibuye ryo ku mva
- Ishengero canke imisa yo gusabira uwitavye Imana
- Itunganywa ry'urubanza rwo gufuba
- Ikoreshwa ry'ibikoresho vyo muhira vyo gufuba canke abakozi
- Ikiguzi co guturira canke guhamba uwapfuye
- Ikiguzi co kurondera impapuro nyinshi z'abapfuye

Ni ayahe makuru nkwiye guha FEMA?

Urasabwe kuba ufise bino bisabwa imbere yuko witura FEMA ngo wiyandikishe:

- Izina ryawe, Inimero ndangamuntu yawe, itariki y'amavuka, adresse e-mail, hamwe na nimero za telefone.
- Izina, inimero ndangamuntu hamwe n'itariki y'amavuka y'uwapfuye.
- Ikibanza canke adresse y'aho uwapfuye yitabiye Imana.
- Impapuro n'amasesi y'ubufasha ubwo ari bwo bwose bumaze kuva ahandi, harimwo na asiranse y'urubanza rwo gufuba, imfashanyo, amashirahamwe y'abakorabushake, ibindi bisata vya Leta canke ivy'amashirahamwe adaharanira inyungu.
- Nimba wewe n'uyundi muntu mwarakoresheje amahera mu rubanza rwo gufuba umuntu umwe, urashobora gushira izina ry'uwu muntu kuri urwo rupapuro nyene mukiyandikishiriza hamwe – shiramwo izina ryiwe, inimero ndangamuntu hamwe n'itariki y'amavuka ku rupapuro rwo kwiyandikisha.

NI GUTE NIYANDIKISHA KUBWA BUNO BUFASHA?

Hamagara umurongo wa FEMA ujanye n'ugushigikira abafuba abahitanywe na COVID-19

Kuri 1-844-684-6333

(Ku batumva: 800-462-7585)

Kuva isaha 9 a.m. gushika isaha

9 p.m. ET, Kuwa Mbere – Kuwa,

Gatanu hama utangure ivyo

kwiandikisha.

Kubw'ubufasha bunyaruka bujanye n'ukwiandikisha, urashobora kurungika impapuro zawe ku ngurukanabumenyi kuri

[Disasterassistance.gov](https://www.disasterassistance.gov)

kuri fax 855-261-3452.

Impapuro zirashobora gushirwa mu gasandugu ka posita:

COVID-19 Funeral Assistance
Gasandugu ka posita 10001
Hyattsville, MD 20782

IBIBAZO BIKUNZE KUBAZWA

Ushobora no kudutemberera urubuga kuri

[FEMA.gov/funeral-assistance/faq](https://www.fema.gov/funeral-assistance/faq).

Amakuru atangwa mu ndimi nyinshi haba kw'iterphone canke ku ngurukanabumenyi.



FEMA